

**EVALUASI PASINAON BASA JAWI MODEL CIPP
WONTEN ING SMK MANGGALA TAMA BINANGUN CILACAP
WARSA PASINAON 2021/2022**

TESIS

Kangge Anjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Megister
Progam Studi Magister Pendidikan Bahasa



Kaserat Dening:
Retno Wulandari
NIM : 2081100058

**FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN**

2023

PASARUJUKAN

EVALUASI PASINAON BASA JAWI

WONTEN ING SMK MANGGALA TAMA BINANGUN CILACAP

WARSA PASINAON 2021/2022

Panyerat Dening

Retno Wulandari

NIM. 2081100058

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Pamong I

Tapak Asma

Tanggal

Dr. Basuki, M.M.
NIP 19540312 198003 1 003



9-8-2023

Pamong II

Dr. Nanik Herawati, M.Hum.
NIK. 690 906 286



12-8-2023

Kauningan







Dr. Hersulastuti, M. Hum.

NIP. 19650421 198703 2 002

PANGESAHAN
EVALUASI PASINAON BASA JAWI MODEL CIPP
WONTEN ING SMK MANGGALA TAMA BINANGUN CILACAP
WARSA PASINAON 2021/2022

Kaserat Dening
Retno Wulandari
NIM. 2081100058


Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Penguji :

Jabatan	Asma	Tapak Asma	Tanggal
Ketua	Dr. Ronggo Warsito, M.Pd.		28-8-2023
Sekretaris	Dr. Hersulastuti, M.Hum.		28-8-2023
Penguji I	Dr. Basuki, M.M.		28-8-2023
Penguji II	Dr. Nanik Herawati, M.Hum.		28-8-2023


Kauningan,



Dekan FKIP


Dr. Ronggo Warsito, M.Pd.
NIDN/NIK. 0607106501/690 890 113

Ketua Program Studi


Dr. Hersulastuti, M. Hum.
NIP. 19650421 198703 2 002

PRATELAN

Inggang tapak asma ing ngandhap punika, kula

Nama : Retno Wulandari

NIM : 2081100058

Jurusan/Progam Studi : Magister Pendidikan Bahasa

Fakultas : Keguruan dan Ilmu Pendidikan

Mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun

Evaluasi Pasinaon Basa Jawi Model CIPP Wonten Ing SMK Manggala Tama
Binangun Warsa Pasinaon 2021/2022.

Menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula
ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha sitasi lan dipuntedahaken ing
salebeting kapustakan.

Menawi ing samangke kabukten bilih pratelan kula menika mboten leres,
kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar Magister
Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, Agustus 2023

Inggang damel pratelan



Retno Wulandari

SESANTI

“Sapa temen bakale tinemu, sapa tekun bakale tekan, sapa tatag bakale
tutug”

“Dadia wong kang memayu hayuning pribadi, memayu hayuning
kulawarga, memayu hayuning sesama, lan memayu hayuning bawana”

(Retno Wulandari)

“Kamenangan ingkang sae-saenipun lan awratipun ingkang saged kagayuh
dening menungsa inggih punika nundukaken saliranipun piyambak”

(Ibu Kartini)

PISUNGSUNG

Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng :

1. Semah kula Wahid Romadin Zuhdi lan siswa kula Karimah Husna Saira ingkang tansah asung panjurung.
2. Tiyang sepah kula ibu Sumini, Ibu Sumirah, Bapak Hadi Sutrisno lan Bapak Pujiono (Alm) ingkang tansah asung panjurung lan donga pangasta.
3. Sedherek-sedherek kula Retno Sugiati, Nugroho Adi Saputa, Widodo Wahyu Saputra lan Yunita Dwi Rahmayanti.
4. Kanca kula kelas M ingkang tansah asung panjurung.
5. Sedaya kaluwarga ageng SMK Manggala Tama Binangun Cilacap.

ATUR PANGGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Pangeran ingkang Maha Kuwasa, karena lumbering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged nyekapaken tesis kanthi irah-irahipun “Evaluasi Pasinaon Basa Jawi Model CIPP Wonten Ing SMK Manggala Tama Binangun Warsa Pasinaon 2021/2022”. *Tesis*, menika kaserat minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Progam Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Karena *tesis* menika sampun cekap, panyerat ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng:

1. Prof.Dr. H. Triyono, M.Pd. Rektor Universitas widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring *Fasilitas*.
2. Dr. Ronggo Warsito, M.Pd. Dekan Fakultas Keguruan lan Ilmu Pendidikan Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. Hersulastuti, M. Hum. Pangarsa Progam Studi Pendidikan Bahasa Magister Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis menika.
4. Dr. Basuki, M.M. minangka dosen pamong 1, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun salebeting nyekapaken panyeratan tesis menika.
5. Dr. Nanik Herawati, M.Hum minangka dosen pamong 2, ingkang sampun nuntun kanthi sabar lan tlaten.

6. Nur Hidayat, S.Ag. minangka pangarsa pawiyatan ing SMK Manggala Tama Binangun Cilacap, ingkang sampun paring idi palilah panaliti ngawontenaken panaliten ing pawiyatan ingkang dipunngarsani.
7. Sedaya kadang ingkang mboten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud menapa kemawon satemah tesis menika saged jangkep.

Panyerat sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ewa semanten panaliti jejer titah sawantah mboten uwal saking kekirangan. Inggang menika panyaruwe saking para kadang pamaos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, Agustus 2023

Panyerat

Retno Wulandari

Nim. 2081100058

DAFTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	iii
PRATELAN	iii
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DAFTAR ISI.....	ix
DAFTAR SINGKATAN	xi
DAFTAR TABEL.....	xii
DAFTAR GAMBAR	xiii
DAFTAR LAMPIRAN.....	xiv
SARIPATHI.....	xv
ABSTRAK	xvi
ABSTRACT.....	xvii
BAB I.....	1
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Idhentitasing Prakawis	6
C. Rumusaning Prakawis	7
D. Ancasing Panaliten.....	7
E. Mumpangating Panaliten	8
BAB II.....	10
A. Lambaraning Teori.....	10
B. Panaliten ingkang Gayut	30
C. Cengkoronganing Pamikir	34
BAB III	37
A. Objek, Papaning Panaliten, Lan Wekdaling Panaliten.....	37

B. Wujud Lan Strategining Panaliten	38
C. Jinising Dhata Lan Sumbering Dhata	39
D. Teknik Ngempalaken Dhata.....	40
E. Validitas Dhata.....	42
F. Teknik Pangonceking Dhata	44
BAB IV	47
A. Asiling Panaliten	47
B. Pangonceking Asil Panaliten.....	82
BAB V.....	97
A. Dudutan	97
B. Implikasi.....	99
C. Pamrayogi	100
KAPUSTAKAN.....	101
LAMPIRAN	104
Lampiran 1	104
Lampiran 2	110
Lampiran 3	134
Lampiran 4	137
Lampiran 5	140
Lampiran 6	145
Lampiran 7	166

DAFTAR SINGKATAN

1. CIPP : *Konteks, Input, Proses, Produk*
2. KD : Kompetensi Dasar
3. RPP : Rencana Pelaksanaan Pembelajaran
4. KKB : Kriteria Ketuntasan Belajar
5. KD : Kompetensi Dasar
6. KI : Kompetensi Inti
7. TBSM : Teknik Sepeda Motor Honda
8. MM : Multimedia
9. PBS : Perbankan Syariah
10. DG : Desain Grafis

DAFTAR TABEL

1. Tabel 3.1 Jadwal Panaliten.....	37
2. Tabel 4.1 Daftar asma dwija wonten ing SMK Manggala Tama.....	48
3. Tabel 4.2 Daftar cacahing jurusan saha cacahing siswa SMK Manggala Tama Binangun	51
4. Tabel 4.3 Daftar sarana saha prasarana wonten ing SMK Manggala Tama Binangun	60

DAFTAR GAMBAR

1. Gambar 2.1 Cengkoronganing Pamikir Panaliten..... 35

DAFTAR LAMPIRAN

1. Silabus	103
2. Rpp (Rencana Pelaksanaan Pembelajaran)	108
3. Kisi-kisi Basa Jawi	123
4. Daftar Nilai Basa Jawi	126
5. KKB	128
6. Transkrip Observasi lan wawan rembag	133
7. Foto/Dokumentasi Wawan Rembag	155

SARIPATHI

Retno Wulandari, NIM.2081100058, Evaluasi Pasinaon Basa Jawi Model CIPP Wonten ing SMK Manggala Tama Binangun Warsa Pasinaon 2021/2022. Tesis : Progam Studi Magister Pendidikan Bahasa Fakultas Keguruan lan Ilmu Pendidikan Unversitas Widya Dharma Klaten. 2023.

Rumusaning prakawis panaliten punika : (1). Kados pundi evaluasi konteks pasinaonan Basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022, (2). Kados pundi evaluasi input pasinaon Basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022, (3). Kados pundi evaluasi proses pasinaon Basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022, (4). Kados pundi evaluasi hasil pasinaon Basa Jawa wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022.

Metodhe ingkang kaginakaken inggih menika panaliten *kualitatif deskriptif* kanthi model CIPP wonten ing evaluasi pasinaon basa Jawi ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022. Teknik pangempalan dhata migunakaken *observasi*, wawan rembag kaliyan dhokumentasi. *Validasi* dhata migunakaken triangulasi sumber, analisis data migunakaken *kondensi* dhata, nyajikaken dhata saha panarikan dudutan.

Kasil panaliten punika maringi pawartos menawi progam pasinaon basa Jawi dipunlampahaken kanthi rapat utawi musyawarah sesarengan, strategi pasinaon migunakake *blended learning* saha *double shift*, kurikulum migunakaken kurikulum 2013. Proses pasinaon dwija basa Jawi saged nglampahaken jumbuh kaliyan pasinaon lan ugi siswa nggadai greget anggenipun nglampahi pasinaon, prakawis pasinaon ingkang kalampahan inggih punika aksara Jawi murda. Evaluasi pasinaon migunakake tes formatif saha sumantif.

Adhedhasar pangocekipun dhata, saged dipun pendhet dudutan: (1). Evaluasi konteks kanthi musyawarah sesarengan sesampunipun ndamel silabus. (2). Evaluasi input ingkang kawontenan inggih punika dwija basa Jawi naming setunggal ingkang jumbuh, strategi pasinaon migunakaken *blended learning* ugi *double shift*, sarana prasarana sampun sae lan jengkep, kurikulum migunakaken

2013. (3). Evaluasi proses pasinaon dwija basa Jawi sampun sae anggenipun paring piwucalan, wekdalipun pasinaon 60 menit kaliyan 50 menit. (4). Evaluasi kasil pasinaon basa Jawi migunakaken tes formatif lan ugi tes sumatif nalika para siswa dereng jumbuh kaliyan kriteria ketuntasan belajar para siswa kedah mbaleni malih dumugi jangkep kaliyan KKB ingkang gumathok.

Wosing tembung : Evaluasi, pasinaon, basa Jawi, migunakake model CIPP.

ABSTRAK

Retno Wulandari, NIM.2081100058, Evaluasi Pembelajaran Bahasa Jawa Model CIPP di SMK Manggala Tama Binangun Tahun Pelajaran 2021/2022. Tesis : Progam Studi Magister Pendidikan Bahasa Fakultas Keguruan lan Ilmu Pendidikan Unversitas Widya Dharma Klaten. 2023.

Rumusan masalah penelitian : (1). Bagaimana evaluasi konteks pembelajaran bahasa Jawa yang ada di SMK Manggala Tama Binangun tahun pembelajaran 2021/2022, (2). Bagaimana evaluasi input pembelajaran bahasa Jawa yang ada di SMK Manggala Tama Binangun tahun pembelajaran 2021/2022, (3). Bagaimana evaluasi proses pembelajaran bahasa Jawa yang ada di SMK Manggala Tama Binangun tahun pembelajaran 2021/2022, (4). Bagaimana evaluasi hasil pembelajaran bahasa Jawa yang ada di SMK Manggala Tama Binangun tahun pembelajaran 2021/2022.

Metode yang digunakan yaitu penelitian kualitatif deskriptif dengan model CIPP pada evaluasi pembelajaran bahasa Jawa di SMK Manggala Tama Binangun tahun pembelajaran 2021/2022. Teknik pengumpulan data menggunakan observasi, wawancara dan dokumentasi. Validasi data menggunakan triangulasi sumber, analisis data menggunakan kondensi data, menyajikan data dan juga penarikan kesimpulan.

Hasil penelitian itu memberikan informasi bahwa penyusunan program pembelajaran bahasa Jawa dijalankan secara rapat atau musyawarah bersamaan, strategi pembelajaran menggunakan *blended learning* dan juga *double shift*, kurikulum yang digunakan menggunakan kurikulum 2013. Proses pembelajaran yang berlangsung guru bahasa Jawa bisa menjalankan sesuai dengan pembelajaran dan siswa mempunyai antusias dalam pembelajaran bahasa Jawa, evaluasi pembelajaran menggunakan tes formatif dan juga sumatif.

Berdasarkan penyajian data, bisa di ambil kesimpulan: (1). Evaluasi konteks penyusunan program pembelajaran secara musyawarah bersamaan sesudahnya untuk membuat silabus. (2). Evaluasi input guru bahasa Jawa hanya satu yang linear, strategi pembelajaran menggunakan *blended learning* dan juga *double shift*, sarana prasarana sudah dikatakan baik dan lengkap, kurikulum

menggunakan 2013. (3). Evaluasi proses pembelajaran guru bahasa Jawa sudah baik dalam memberikan pembelajaran, waktu pembelajaran bahasa Jawa yaitu 60 menit dan 50 menit. (4). Evaluasi hasil pembelajaran bahasa Jawa menggunakan tes formatif dan juga tes sumatif ketika peserta didik belum sesuai dengan kriteria ketuntasan Belajar peserta didik harus mengulangnya lagi sampai dengan KKB yang ditentukan.

Kata kunci : Evaluasi, Pembelajaran, Bahasa Jawa, menggunakan model CIPP

ABSTRACT

Retno Wulandari, NIM.2081100058, Evaluation of Javanese Language Learning Model CIPP at SMK Manggala Tama Binangun for the 2021/2022 Academic Year. Thesis : Master of Language Education Study Program, Faculty of Teacher Training and Education, Widya Dharma University, Klaten. 2023.

Formulation of research problems: (1). How to evaluate the context of learning the Javanese language at SMK Manggala Tama Binangun for the 2021/2022 academic year, (2). How to evaluate the input for learning Javanese at SMK Manggala Tama Binangun for the 2021/2022 academic year, (3). How is the evaluation of the Javanese language learning process at SMK Manggala Tama Binangun for the 2021/2022 academic year, (4). How is the evaluation of the results of learning the Javanese language at SMK Manggala Tama Binangun for the 2021/2022 academic year.

The method used is descriptive qualitative research using the CIPP model in evaluating Javanese language learning at SMK Manggala Tama Binangun in the 2021/2022 academic year. Data collection techniques using observation, interviews and documentation. Data validation uses source triangulation, data analysis uses data conventions, presents data and draws conclusions.

The results of this study provide information that the preparation of the Javanese language learning program is carried out in meetings or deliberations together, learning strategies use blended learning and also double shifts, the curriculum used uses the 2013 curriculum. The learning process that takes place Javanese language teachers can carry out according to learning and students have enthusiastic in learning Javanese, learning evaluation uses formative and summative tests.

Based on the presentation of the data, it can be concluded: (1). Evaluate the context of preparing the learning program by deliberation together afterwards to make a syllabus. (2). Evaluation of the Javanese language teacher's input is only linear, the learning strategy uses blended learning and also double shifts, the

infrastructure is said to be good and complete, the curriculum uses 2013. (3). The evaluation of the Javanese language teacher's learning process is good in providing learning, the Javanese language learning time is 60 minutes and 50 minutes. (4). Evaluation of the results of learning Javanese using formative tests and also summative tests when students do not meet the learning completeness criteria students must repeat it again until the KKB is determined.

Keywords: Evaluation, Learning, Javanese, using the CIPP model

BAB I PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Evaluasi wonten ing pendidikan inggih punika salah satunggaling babagan ingkang gayut kaliyan pasinaonan. Kangge mangertosi asiling pasinaon ingkang dipunanlampahi kaliyan sadaya dwija wonten ing salebeting proses pasinaon inggih punika kanthi ngginakaken evaluasi, ingkang dumados saking evaluasi kasil pasinaon ugi evaluasi pasinaonan. Proses pasinaonan dipuntingali kangge proses ewahing patrap solah bawa para siswa, peran evaluasi saha penilaian wonten ing proses pasinaonan panci wigatos sanget.

“Evaluasi adalah proses mempertimbangkan makna dan nilai dari suatu proses, kegiatan, produk, atau tingkat pencapaian suatu program”. (Haryanto, 2020). Evaluasi inggih punika *proses* nimbangaken pitutur saking setunggaling proses, kagiatan, produk, utawa peranan pikantukipun setunggaling program” .

Adhedhasar lelimbangan babagan werdining kasebat gegayutan kaliyan wujudipun ingkang asipat internal. Sanesipun punika ugi ngandharaken babagan pamanggih ingkang anggadhahi sipat *eksternal*.

“Penilaian adalah suatu proses atau cara yang dilakukan untuk memungkinkan seseorang menyelesaikan kegiatan belajar”. (Zainal Arifin, 2019). Evaluasi inggih punika setunggaling proses utawi cara ingkang dipunlampahaken kangge mungkinaken salah setunggaling tiyang nyekapaken kagiatan pasinaon.

Pasinaonan langkung tumuju dhateng kegiatan pasinaonipun para siswa kanthi temen ingkang dumados saking aspek *intektual, emosional, ugi sosial*.

Pasinaon inggih punika salah satunggaling kagiatan ingkang nglantaraken tiyang supados pikantuk ngelmu, ketrampilan, saha nilai-nilai positif.

Evaluasi pasinaonan ingih punika satunggaling proses ingkang awujud kagiatan runtut, sinambungan, saha sedaya kangge mbudidaya ingkang asipat *pengendalian*, *penjaminan*, ugi panetapan kualitas pasinaonan tumrapipun sadaya komponen wonten ing pasinaonan, adhedhasar lelimbangan saha kriteria tartamtu, minangka wujud saking tanggungjawabipun para dwija ing salebeting paring pasinaonan. Pasinaonan basa Jawi anggadhahi manpangat kangge nepangaken para siswa kangge mangertosi pribadipun ugi budaya daerahipun. Pasarta dhidhik dipunangkah saged ngertos dhateng budayanipun, anggadhahi pamanggih saha pangraos, sambung raos wonten ing bebrayan ingkang ngginakaken basa kasebat, damel pamanggih ingkang saged dipunggejawabaken wonten ing tataran pribadi saha sosial, ngandharaken pamanggih saha ngginakaken kawasisan analitis saha imajinatif ingkang wonten ing salebetipun pribadinipun lumantar pasinaonan basa.

Tumrapipun budaya Jawi anggadhahi werdi minangka panggenan kangge mujudaken karakter bangsa kanthi mrantandhani dhateng sikap saha tingkah laku ingkang adhedhasaripun saking budaya saha adat istiadat Jawi saha paugeran ingkang sampun dados mupakat. Babagan punika minangka implementasi saking asiling piwucal mligi tumrapipun PBM (Proses belajar mengajar /proses ing pasinaonan) basa saha Sastra Jawi wonten ing pawiyatan (Prihatin, 2006). Pasinaonan basa Jawi papan

kangge nggulawenthah ing babagan watak, budi pekerti, lumantar pangetrapaning unggah ungguh salebeting gesang bebrayan utawi masyarakat Jawi sarta anggadhahi peran sentral kangge ngayai watak saha pekertipun bangsa. Pasinaon basa Jawi dipunangkah saged paring sabyantu dhateng pasarta dhidhik kangge nepangaken pribadhinipun, masyarakat bebrayan, ngetrapaken ing salebeting subasita tatakrama budayanipun, atur panjurung dhateng potensi bangsanipun, saengga saged ngedalaken pamanggih saha pangraosipun, paring panyengkuyung ing salebeting bebrayan saha saged manggihaken sarta ngginakaken kasagedan analisis, imajinatif ing salebeting pribadhinipun.

Kasunyatanipun wonten ing sanjabaning rangkah nedhahaken bilih pasinaonan basa Jawi tebih sanget saking punapa ingkang kaangkah. Babagan punika jumbuh kalian pamanggihipun (Sudjarwadi, 2010) ingkang ngandharaken bilih para siswa dereng utawi mboten gladhen basa Jawi wonten ing pawiyatan, kaluwarga, saha masyarakat bebrayan. Wonten ing ngriki para siswa kirang mangertosi dhateng kosa kata utawi tembung – tembung. Kawruh saha unggah-ungguh dipunraosaken mboten gampil saha mboten saged njumbuhaken. Tuladha saking para dwija ingkang dipuntuladhani taksih kirang. Pasinaonan basa Jawi minangka wonten ing kelas taksih asring dereng digatekaken kaliyan para siswa. Siswa nggadhahi pamanggih bilih basa ingkang dipunginakaken punika angel tumrapipun siswa anggenipun nampi saha mboten mangertosi tegesipun saking pangandikanipun dwija basa Jawi ingkang

dipunandharaken. Saking proses pasinaonan, para dwija basa Jawi langkung mangertosi saha konsentrasi babagan perkawis teori ingkang asipat teoritis ing kawruhipin ingkang asipat kognitif kemawon saha langkung ngetrapaken wonten pakaryan piwucalipun kangge paring kawruh utawi transfer ngilmu.

Wonten ing kasunyatanipun pasinaonan ing kelas ugi asring sanget para siswa punika kirang greget anggenipun nyinaoni, wiwit saking perkawis ingkang awujud individual ugi perkawis ingkang awujud kelompok, sikap tingkah laku ingkang nedhahaken kekiyatan, tingkah laku ingkang dipunajab saged damel sakit manahipun tiyang sanes. Metodologi pengajaran basa Jawi wekdal punika kirang narik kawigatosan saha karaos monoton saengga para siswa ngraosaken kirang remen. Kegiatan pasinaonan basa Jawi asring sanget namung kawontenaken ing kelas sarta mboten nglampahi kagiatan praktek ing njawi. Pangginanipun medhia utawi sarana piwucal ingkang dipunlampahi dening dwija basa Jawi sarta pasarta dhidhik kirang kreatif, variatif saha ngremenaken. Wonten ing warsa pasinaon 2021/2022 wekdal pasinaonan basa Jawi kirang maksimal inggih punika namung 2 X 30 menit ngagem model pembelajaran *blended learning* lan ngagem model pasinaon double shif utawa kalih sesi, lan ugi wekdal pasinaon menika naming 1 X 25 Menit.

Pasinaonan basa Jawi kedahipun dipunreka saha dipunjumbuhaken kalian sinergitas ing antawisipun pendhidhik, pasarta didik, kurikulum, proses saha evaluasi. Pramila perlu sanget dipunlampahi kajian ingkang

sistematis sarta sinambung wonten ing proses pasinaonan basa Jawi wonten ing pawiyatan. Evaluasi punika tartamtu minangka satunggaling cara strategi ingkang wigatos sanget dipunlampahi kangge mangertosi kanthi saestu proses pasinaonan ingkang dumados wonten ing pawiyatan saengga saged nggayuh asil ingkang dipunajengaken. Wondene babagan ingkang wigatos dipunevaluasi tumrapipun pasinaonan basa Jawi wonten ing pawiyatan inggih punika evaluasi tumrapipun progam, evaluasi tumrapping proses, saha evaluasi minangka asiling pasinaonan basa Jawi.

Kangge mangertosi kasil lan buktinipun pasinaonan basa Jawi, pramila wigatos sanget *dipunwontenaken* evaluasi kanthi ngginakaken model CIPP inggih punika model *evaluasi* ingkang dumados saking *evaluasi konteks, evaluasi input, evaluasi proses, lan evaluasi produk*. Dados evaluasi punika badhe dipunjumbuhaken kangge nglampahi evaluasi tumrapping pasinaonan basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022. *Evaluasi* model *CIPP* punika minangka umpan walikipun *utawa refleksi* tumrapping progam, proses saha asiling pasinaonan ingkang sampun katindakaken ugi umpan walikipun punika badhe kangge ukuran amrih sagedipun ningkataken saha damel sae pasinaon ing salajengipun.

SMK Manggala Tama Binangun minangka satunggaling pawiyatan ingkang wonten ing Kabupaten Cilacap ingkang wonten ing wilayah Cilacap Wetan. SMK Manggala Tama binangun minangka satunggaling pawiyatan ingkang nggadahi pasinaonan basa Jawi wonten ing kelas.

Minangka pawiyatan ingkang maringaken muatan babagan pasinaonan basa Jawi wonten ing sekolah, tartamtu wigatos sanget dipunkaji babagan progam pasinaon basa Jawi ingkang dipunandharaken wonten ing pawiyatan, tenaga pendidik ingkang dados paraga ingkang nglampahaken pasinaonan basa Jawi wonten ing kelas, proses pasinaonan basa Jawi ingkang dumados ing kelas, saha asiling pasinaonan basa Jawi ingkang dipunparingaken dhateng para siswa inggih punika faktor-faktor ingkang badhe damel panaliti wonten ing kajianipun punika. Pramila panaliti badhe damel satunggaling kajian panaliten kanthi irah-irahan: “Evaluasi Pasinaon Basa Jawi model CIPP wonten ing SMK Manggala Tama Binangun Warsa Pasinaon 2021/2022”.

B. Idhentitasing Prakawis

Adhedhasar lelarahaning prakawis kasebut, saged dipunpadosi bab ingkang dados prakawis, kadosta ing ngandhap punika:

1. Pasinaonan basa Jawi anggenipun proses pasinaonan ngetrapaken wonten ing kelas dwija fokus wonten ing aspek kognitif kemawon saha mligi kangge *sistem* maringaken kawruh kemawon.
2. Woten ing babagan pasinaon basa Jawi ingkang cumawis dening para siswa taksih kathah ingkang mboten mangertosi tembung-tembungipun basa Jawi.
3. Wekdal pasinaonan ingkang sekedhik amargi ngginakaken *sistem Blended Learning* lan ugi *system shif-shifan* gantosan kelasipun.

4. Wondene dwija Jawi paring pangandikan wonten ing salebeting kelas basa ingkang dipunginakaken wonten ing kelas ndadosaken para siswa mboten greget anggenipun mirengaken pasinaon.
5. Metode pasinaonan basa Jawi ingkang ajeg kemawon ndadosaken para siswa gadhah rumaos jenuh utawa mboten greget.

C. Rumusaning Prakawis

Prakawis-prakawis ingkang saged dipun rumusaken saking lelarahaning prakawis kasebut inggih punika:

1. Kados pundi evaluasi konteks pasinaonan basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?
2. Kados pundi evaluasi input pasinaon basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?
3. Kados pundi evaluasi proses pasinaon basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?
4. Kados pundi evaluasi produk pasinaon basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?

D. Ancasing Panaliten

Sedaya ingkang katindakaken punika anggadhahi ancas ingkang samangke saged nggayuh punapa ingkang dereng dipunmangertosi saderengipun. Ancas saking panaliten babagan evaluasi pasinaonan Basa Jawi ingkang katindakaken wonten ing SMK Manggala Tama Binangun Cilacap inggih punika:

1. Kangge mangertosi kados pundi evaluasi konteks utawi *context* pasinaonan Bahasa Jawa wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?
2. Kangge mangertosi kados pundi masukan utawi *input* pasinaonan Basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?
3. Kangge mangertosi kados pundi evaluasi proses utawi *process* pasinaon Bahasa Jawa wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?
4. Kangge mangertosi kados pundi evaluasi asil utawi *product* pasinaon Bahasa Jawa wonten ing SMK Manggala Tama Binangun warsa pasinaon 2021/2022?

E. Mumpangating Panaliten

Wonten ing pungkasaning panaliten punika samangke dipunajib ing donyaning pendhidhikan saged nuwuhaken wawasan ingkang enggal saha dipunajib saged migunani ingkang sae. Sanesipun ginaning panaliten punika saged ugi nggadhahi kagunan akademis saha praktis.

1. Mumpangat Akademis

Kagunan praktis ingkang dipunwastani kagunan teoritis, inggih punika nggadahi kagunan tumraping:

- a. Tambahing wawasan dhumateng panaliten saha pamaos babagan evaluasi.

- b. Saged paring *inspirasi* saha *refleksi* dhumateng dwija anggenipun nglampahi pasinaonan.
- c. Atur sumbang surung saha pamanggih kangge para pamangku kawicaksanan pendhidhikan ing sakiwa tengening wewengkonipun.
- d. Saged dipundadosaken lelimbangan dhumateng dwija enggal utawi calon dwija ingkang badhe mucal basa Jawi.
- e. Saged dipunagem minangka bahan referensi tumrapping para panaliti ingkang nggadahi prakawis ingkang saemper.

2. Mumpangat Praktis

Kagunan praktis ingkang dipunajib saking panaliten ingkang katindakaken inggih punika:

- a. Tumrapping sekolah: panaliten punika minangka ancer-ancer tumrap Sekolah Menengah Kejuruan (SMK) supados ngrembakaken pasinaonan muatan lokal utawi Basa Jawi.
- b. Kepala Sekolah: panaliten punika saged paring sumbang surung kangge kepala sekolah rikala paring evaluasi babagan lampahanipun pasinaonan wonten mapel sanese Basa Jawi.
- c. Tumrap Dwija: paring sumbang surung nalika nemtokaken evaluasi pasinaonan ingkang langkung sae.
- d. Tumrap panaliti: panaliti saged pikantuk kawruh babagan evaluasi pasinaonan basa Jawi.

BAB V

DUDUTAN, IMPLIKASI, LAN PAMRAYOGI

A. Dudutan

Adhedhasar kasil panaliten ingkang sampun dipunlampahaken wonten ing SMK Manggala Tama Binangun panaliten punika ngasilaken:

1. Evaluasi *konteks* ingkang pinanggih ing panaliten inggih punika: wonten ing SMK Manggala Tama nggadai jurusan sekawan inggih punika Teknik Bisnis Sepeda Motor, Multimedia, Perbankan Syariah, lan desain Grafis. Caching kelas wonten 32 kelas saking sekawan jurusan saking cacahing lare 1056. Penyusunan program pasinaon basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun dipunlampahaken kaliyan rembagan utawa rapat sareng-sareng dwija, saben dwija ingkang ngasta pasinaon wucalan didhawuhi kangge nyusun silabus.
2. Evaluasi *input* ingkang pinanggih ing panaliten inggih punika: sumber daya dwija kangge pasinaon basa Jawi wonten ing SMK Manggala Tama Binangun taksih dereng jangkep kaliyan cacahing kelas ingkang kathah dwija ingkang ngebaki kualifikasi jurusan basa Jawi taksih setunggal. sarana prasarana ingkang wonten ing SMK Manggala Tama Binangun sampun sae meh sedaya fasilitas pasinaon sampun nyengkuyung wonten, dene strategi ingkang dipunanggem kangge pasinaonan ing warsa pasinaon 2021/2022 kalih ngangge pola *blended*

learning lan *double shift* inggih punika *shift* enjing lan *shif* siyang. Kurikulum ingkang dipunagem kangge nggayuh program pasinaon inggih punika kalih kurikulum 2013.

3. *Evaluasi proses* ingkang pinanggih ing panaliten inggih punika: wekdalipun proses pasinaon basa Jawi yaiku 60 menit lan 50 menit pepanggihan wonten satunggal minggu kaping pisan, dwija basa Jawi anggenipun miwiti pasinaon supados wonten kelas saged gampil paring piwucalan kanthi ndamel RPP ingkang dasaripun silabus. Proses pasinaon ingkang kedados wonten kelas mlampah lancar, wonten pundi guru lebet ngelola kelas angsal mujudaken kawontenan pasinaon semenarik mungkin, mila antusias lare lebet nderek pasinaon angsal dipuntingkataken. Kejawi punika, dwija ugi lebeting nanggèpi kondisi tertamtu ingkang mungkinaken kedadosipun bab-bab ingkang ngganggu kondusifitas pasinaon langsung katindak dening dwija kalih cara ingkang sae.
4. *Evaluasi produk* ingkang pinanggih ing panaliten inggih punika: evaluasi pasinaon ingkang kalampahan wonten ing SMK Manggala Tama Binangun dipunlampahaken nglangkungi pinten-pinten macem, inggih punika; kaping setunggal nglangkungi ulangan dintenan, dwija pasinaon piwucalan nyukani ayahan dhateng siswa awujud tugas kelompok kaliyan piyambakan, kaping kalih ulangan mid semester, saha saben pertengahan semester dipunlampahaken ujian kangge ngukur ketercapaian pasinaon salami sapalih semester kedados, kaping

tiga ujian akhir semester dipunlampahaken ing pungkasan semester kangge ngukur kalih sedayanipun kesagahan siswa saben pasinaon piwucalan setunggal semester kedados. Kejawi punika evaluasi dipunanggep sukses lebeting babagan punika siswa lulus bilih anggayuh nilai KKB ingkang sampun dipuntetepaken, inggih punika 70 wiwit kelas setunggal (X) kaliyan kelas XI lan kelas kalih welas (XII) inggih punika 72. Bilih lare dereng dugi nilai KKB mila tetep dipunparingaken kesempatan kangge nderek pengayaan malih kanthi pikanthuk nilai jangkep kaliyan KKB.

B. Implikasi

Kasil panaliten punika dipunajeng-ajeng maringaken implikasi, antawisipun:

1. Evaluasi pelaksanaan program pasinaon basa Jawi kedah saged kalaksanakaken wonten pawiyatan.
2. Nglangkungi evaluasi CIPP menika, mila saged dipunajeng-ajeng saged ndandosaken kalaksanan program pasinaon basa Jawi menika kanton langkung sae kaliyan wekdal ingkang dangu, selajengipun saged sedaya pehak nderek supados langsung sae.
3. Evaluasi program pasinaon basa Jawi model cipp punika dipunajeng-ajeng angsal nyukani kontribusi langkung kangge pawiyatan lan saged dados bahan lelimbangan nalika nglampahi pasinaon basa Jawi.

C. Pamrayogi

Adhedhasar kasil panaliten ingkang sampun diparingi dudutan wonten inggil, mila betah kintenipun maringaken pinten-pinten saran kalih pinten-pinten pihak dados punika:

1. Kangge para dwija dados pengampu mata piwucalan betah kintenipun nginggahaken katrampilan lebet nyusun, ngelola, lan ngevaluasi pasinaon ingkang kedados wonten kelas.
2. Kangge para siswa betah kintenipun kangge nginggahaken motivasi sinau ingkang langkung inggil malih.
3. Kangge panaliti salajengipun, dipunsaranaken supados sanesipun angsal nglampahaken panaliten ingkang langkung lebet kalih pendekatan lan model panaliten ingkang sanes.

KAPUSTAKAN

- Abdullah, Wakit & Handayani, Lestari, Sri. 2007. Bahasa Jawa Kuna: Sejarah, Struktur dan Leksikonnya. Surakarta: Jurusan Sastra Daerah Fakultas Sastra dan Seni Rupa Universitas Sebelas Maret.
- Ajat Rukayat. 2018. Teknik Evaluasi Pembelajaran. Sleman Yogyakarta: CV Budi Utama
- Ambiyar dan D. Muharika. (2019). Metodologi Penelitian Evaluasi Program. Bandung: Alfabeta,cv.
- Andi Prastowo, 2014, Metode Penelitian Kualitatif dalam Perspektif Rancangan Penelitian, Jogjakarta: Ar-Ruzz Media, Cet: 3.
- Arikunto, Suharsimi & Jabar, Cepi S.A., 2014. Evaluasi Program Pendidikan: Pedoman Teoretis, Praktis Bagi Mahasiswa dan Praktisi Pendidikan, (Jakarta: Bumi Aksara) hlm . 45.
- Aziz, S., Mahmood, M., & Rehman, Z. (2018). Implementation of CIPP Model for Quality Evaluation at School Level: A Case Study. Journal of Education and Educational Development, 5(1), 189-206.
- D.B. Sanjaya, and D.G.H. Divayana, “An Expert System-Based Evaluation of Civics Education as a Means of Character Education Based on Local Culture in the Universities in Buleleng”, International Journal of Advanced Research in Artificial Intelligence, Vol. 4, No. 12, 2015, pp. 17-21.
- Depdiknas. 2009. Panduan Implementasi Standar proses. Jakarta. Depdiknas.
- D.G.H. Divayana, and G.A.D. Sugiharni, “Evaluasi Program Sertifikasi Komputer Pada Universitas Teknologi Indonesia Menggunakan Model CSE-UCLA”, Jurnal Pendidikan Indonesia, Vol. 5, No. 2, 2016, pp .865-872.
file:///C:/Users/Asus/Downloads/Documents/10Vol195No9.pdf
- Dirjen Manajemen Dikdasmen. 2008. Pengembangan program Muatan Lokal. Jakarta: Depdiknas.
- Erry Utomo. 1997. Pokok-pokok Pengertian dan Pelaksanaan Kurikulum Muatan Lokal. Jakarta: Depdikbud.

file:///C:/Users/Asus/Downloads/Documents/MacDonald_1976_Whos_Afraid_of_Evaluation.pdf . Rabu, 18 05 2022 pukul 11.30

Haryanto. 2020. Evaluasi Pembelajaran Konsep dan Menejemen. Yogyakarta: Uny Press

Idewa Gede Hendra Divayana, dkk, cipp evaluation model based on mobile phone in evaluating the use of blended learning platforms at vocational schools in bali . Journal of theoretical and applied information technology, vol.95, no 9, 15th may 2017. file:///C:/Users/Asus/Downloads/Documents/10Vol95No9.pdf

Ina Magdalena1,dkk, pentingnya evaluasi dalam pembelajaran dan akibat memanipulasinya, Universitas Muhammadiyah Tangerang Bintang : Jurnal Pendidikan dan Sains Volume 2, Nomor 2, Agustus 2020; 244-257 <https://ejournal.stitpn.ac.id/index.php/bintang>

Ita Mulqoni'ah, 2020. Evaluasi Program Pembelajaran Berbasis Multiple Intelligences Di Madrasah Ibtidaiyah Muhammadiyah Program Khusus Kartasura Tahun Pelajaran 2018/2019. Tesis magister, Institut Agama Islam Negeri Surakarta.

Lif Khoiru Ahmadi dan Sofan Amri .2011. Paikem Gembrot. Mengembangkan Pembelajaran Aktif, Inovatif, Kreatif, Efektif, Menyenangkan, Gembira Berbobot. Jakarta: Prestasi Pustaka.

Miles, M.B, Huberman, A.M, & Saldana, J. (2014). Qualitative Data Analysis, A Methods Sourcebook, Edition 3. USA: Sage Publications. Terjemahan Tjetjep Rohindi Rohidi, UI-Press.

Muhamad Irham. 2016. Evaluasi Pembelajaran PAI di SMA AL-Hidayah Medan. Universitas Islam Negeri Sumatra Utara: Tesis magister, Progam Studi Pendidikan Islam.

Muri Yusuf, 2015. Asesmen Dan Evaluasi Pendidikan Jakarta: Kencana.

Muryadi, A. D. 2017. Model evaluasi program dalam penelitian evaluasi. Jurnal Ilmiah Penjas (Penelitian, Pendidikan Dan Pengajaran), 3(1).

Prihatin, Titi. 2006. Pembelajaran Berbasis Portofolio. Makalah. Disampaikan pada Workshop Guru Mata Pelajaran Bahasa Jawa SMP/MTs Provinsi Jawa Tengah di Semarang, 20 – 23 April 2006.

Purwanto, 2011. Evaluasi Hasil Belajar. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

- Rina, Febriana. 2021. *Evaluasi Pembelajaran*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Setiyanto, Bimo, Aryo. 2010. *Parama Sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Stufflebeam, D. L. 2003. *The CIPP Model for Evaluation: the Article Presented at the 2003 Annual Conference of the Oregon Program Evaluators Network (OPEN) 3 October 2003 (online)*. (<http://www.wmich.edu>, diakses 23 Febuari 2022).
- Sudjana, N., dan Ibrahim. 2004. *Penelitian dan Penilaian Pendidikan*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Sudjana, D. (2006). *Evaluasi Program Pendidikan Luar Sekolah*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Sudjarwadi. 2010. "Strategi Pembelajaran Bahasa Jawa Bagi Anak-Anak". Makalah. Disampaikan dalam Kongres Bahasa Jawa IV di Semarang pada 24 – 28 April 2006.
- Sukardi, E. P. P. (2009). *Operasionalnya*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Sutopo, HB. 2006, *Metode Penelitian Kualitatif*, Surakarta: UNS Press.
- Tiantong, M., & Tongchin, P. (2013). A multiple intelligences supported web-based collaborative learning model using Stufflebeam's CIPP evaluation model. *International Journal of Humanities and Social Science*, 3(7), 157-165.
- Tayibnapis, F. Y. (2000). *Evaluasi Program*, Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Undang-undang No. 20 Tahun 2003 pasal 1 tentang, *Sistem Pendidikan Nasional* Jakarta: Kemendikbud.
- Yoga Budi Bhakti, *Evaluasi Program Model Cipp Pada Proses Pembelajaran IPA*, Universitas Indraprasta PGRI Jakarta : *Jurnal Inovasi Pendidikan Fisika dan Riset Ilmiah* Vol. 1 No. 2, November 2017.
- Zainal, Arifin. 2019. *Evaluasi Pembelajaran Prinsip, Teknik & Prosedur*. Bandung: Remaja Rosdakarya.